*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 226 (25955)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

**2023 азы 7 декабр — цыппурсы мæйы 7 бон, цыппæрæм** Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 КОНФЕРЕНЦИ — *Азы рагагъоммæйы хатдзæгтæ*
3 БЫНÆТТОН ХИУЫНАФФÆЙАД — *Сомбонмæ — ныфсджын къахдзæфтæй*
4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ — *Аивадон гимнастикæ*

**Ахсджиаг ныхас**

# Наркотиктæн — тыхджын ныхкъуырд

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО саразта æмбырд Республикæйы наркотикты ныхмæ архайæг къамисæн. Цы фарстатæм æркастысты, уыдонæй иу — республикæйы синтетикон наркотиктæ, психотропон буаргъæдтæ æмæ афтекты хосты хуызы наркотикты æнæзакъон зилдухы ныхмæ цы мадзæлттæ арæзт цæуы, уый.**

Æмбырд байгом кæнгæйæ, Сергей Меняйло бахахх кодта, республикæйы фæзуаты наркотиктæ парахат кæныны хъуыддаг актуалон кæй у, æмæ бахæс кодта фарстайыл дзуапдæттæг ведомствæтæн, цы тасдзинад сæвзæрд, уый ныхмæ хъæддыхдæрæй лæууын.

— Нæ республикæйы наркомани куыд парахат кæны, уый тынг сагъæссаг у. Кæд наркотикты æнæзакъон зилдухы ныхмæ барадхъахъхъæнæн æмæ профилактикон мадзæлттæ арæзт цæуынц, уæддæр уавæр тæссаг у, бынтон фæдисы уавæр та сæвзæрд, афтектæ хосты хуызы цы наркотиктæ уæй кæнынц, уыдонимæ, — загъта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг.

Республикæйы разамонæг ма фæбæрæг кодта, синтетикон наркотикты æнæзакъон зилдух дзæвгар кæй сырæзыд, æмæ дзы чи фæхъæстæ вæййы, уыдоны æнæниздзинадæн стыр зиан кæй хæссынц.

Ацы азы дæс мæйы барадхъахъхъæнджытæ ныхгæдтой, наркотиктæ республикæмæ кæцæй цыдысты, ахæм 33 гуырæны, уыдонæй 24 — синтетикон наркотиктæ. Ахæм нымæцтæ æрхаста РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады наркотикты зилдухмæ цæстдарæг управленийы разамонæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Игорь Захарченко**. Уый ма фæбæрæг кодта, синтетикон тыхджын хостæ уæйгæнæг афтекты разамонджыты. Ноджы ма бахæс кодта Хуссар Ирыстонимæ арæныл, контролонуадзæн пункт "Дæллаг Зæрæмæг"-ы фæтыхджындæр кæнын оперативон-агурæн æмæ бæлвырдгæнæн архайд, уавæрмæ иудадзыг цæст дарын.



наркотиктæ иугай адæймæгтæ æмæ къордтæй кæй парахат кæнынц, сусæг ран сæ бамбæхсгæйæ, "тайник"-ты руаджы. Ноджы ма афтектæй исынц, мæнг рецепттæ скæнгæйæ, тыхджын препараттæ æмæ сæ уæй кæнынц.

РЦИ-Аланийы "Росздравнадзор"-ы разамонæг **Ольгæ Давыдова** куыд загъта, афтæмæй азы райдайæнæй нырмæ афтекты организацитæй æстдæсæн бафæдзæхстой æгъдаухæлдтытæ ма 'руадзыны тыххæй. Уымæй уæлдай ма ацы аз сæхгæдтой 53 интернет-сайты, семæ — предметон-нымæцон хыгъды цы хостæ ис, уыдон дистанцион хуызы чи уæй кодта, ахæмтæ.

Сергей Меняйло бафæдзæхста дзуапдæттæг оргæнтæн сæрæндæрæй бæлвырд кæнын æмæ æфхæрын, æнæ рецепттæй наркотикты бæсты кæй æлхæнынц, уыцы фæдзæхстытæм гæсгæ. Арæзт æрцыд Цæгат Кавказы фыццаг паддзахадон реабилитацион центр наркоманийæ рынчынтæн, фæзынд реабилитаци æмæ куыстадон ресоциализацийы программæ.

Æмбырды архайджытæ æркастысты РЦИ-Аланийы паддзахадон программæ "Æнæзакъонæй психотропон буаргъæдтæ фæлхасгæнджыты, æнæ дохтыры амындæй психоактивон буаргъæдтæ чи фæлхас кæны, уыцы адæймæгты реабилитаци æмæ ресоциализацийы иумæйаг мадзæлттæм". 2024 азмæ царды уагъд цы программæ цæуы, уый фæлгæты хуыздæр кæнынц медицинон уагдæтты, реабилитацион центры материалон-техникон базæ, наркоманийæ рынчынты сбæлвырд æмæ реабилитаци кæныны мадзæлттæ.

Программæйæн цы фæрæзтæ уагъд æрцыд, уыдоны руаджы къухы бафтыд наркологон службæ сифтонг кæнын Уæрæсейы Президенты

Сергей Меняйло сæрмагондæй æрлæууыд фæндагон-транспортон фыдбылызтæ саразджытæй наркотикты фæлхасгæнджыты уавæр сбæлвырд кæныны фарстайыл. Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр **Тебиаты Сослан** куыд фæбæлвырд кодта, афтæмæй 1 декабрæй фæстæмæ республикæйы фæндæгтыл кусын райдыдта цæугæ медицинон комплекс, уый Паддзахадон автоинспекци æмæ Мидхъуыддæгты министрадимæ иумæ уыцы хъуыддагыл архайдзысты.

Кæронбæттæны æмбырды архайджытæ сбæлвырд кодтой Республикæйы наркотикты ныхмæ архайæг къамисы куысты пълан фидæны азмæ.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Уынаффæ**

## Арвыкомы фæндаг — æхгæд

**Арвыкомы фæндаг стыр уæзласæн хæдтулгæтæн æхгæд æрцыд, боныхъæды уавæр сæ цыдæн тæссаг кæй у, уый аххосæй.**

"Гуырдзыйы фæзуаты боныхъæд кæй февзæр ис, уый тыххæй автотранспортон фæрæзты цыдæн фыдбылызтæй тæссаг у, — фехъусын кодтой Гуырдзыйы арæнхъахъхъæнæг пъæлицæйæ дæр. Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады хатдзæг дæр ахæм у.

Фæндаджы уаццагыл Дзæуджыхъæуæй транспорт уадзæн пост Ларсмæ Уæрæсейы Федерацийæ рахизæны онг уæзласæн транспортон фæрæзтæн нæй ацæуыны бар 6 декабрæй сæрмагонд уынаффæ рахæссыны онг. Арвыкомы фæндаг цæуы Дзæуджыхъæуæй Тбилисимæ Сæйраг Кавказаг рагъыл æмæ иу кæны Уæрæсейы Гуырдзы æмæ Фæскавказы иннæ бæстæтимæ. Фæндаджы Уæрæсейы хай цæуы Цæгат Ирыстоныл.

**Нæ уацхæссæг**

**Æхца**

## Хæдзары аргъ

**Федералон портал "Мир квартир"-ы иртасынадмæ гæсгæ, афæдзы райдайæнæй нырмæ Цæгат Ирыстоны хицæн адæймæгты хæдзæртты æргътыл бафтыд 25,7 проценты.**

Ныртæккæ нæ республикæйы хæдзары, коттеджы, кæнæ дачæйы рæстæмбис аргъ у 7,6 милуан сомы (Цæгат Кавказы федералон зылды иннæ регионтимæ абаргæйæ, уый у æппæтæй асламдæр аргъ). Зæгъæм, Дагестаны хицæн адæймаджы хæдзары рæстæмбис аргъ у 12,6 милуан сомы (афæдзы райдайæнæй нырмæ йыл бафтыд 32,1 проценты), Цæцæны — 11 милуаны (+6,9%), Мæхъæлы — 9,7 милуаны (+20,3%), Кæсæг-Балхъары — 8 милуаны (+ 16%), Хъæрæсе-Черкесийы та — 7,7 милуан сомы (+7,5%).

— Ипотекæ кæм фæзынаргъ, уыцы фатерты бæсты базары адæм арæхдæр æлхæнын райдыдтой хицæн адæймæгты хæдзæрттæ. Фатерæн цы аргъ ис, ахæм аргъæй хæдзар æлхæнгæйæ, бинонтæ фатерæй бирæ фылдæр фæзуат æмæ зæххы хай райсынц. Инфляцийы бæрцыл кæй бафтыд æмæ арæзтадон æрмæджытæ кæй фæзынаргъ сты, уыдæттæ нымайгæйæ, æргътæ рæзынц, — зæгъы амынд порталы гендиректор **Павел Луценко**.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

**Хицауадæй**

## Хæрзиуджытæ — æмгуыстад æмæ æппæтвæрсыг æххуысы тыххæй

**Уæрæсейы Экономикон рæзты министрады разамонджытæн лæвæрд æрцыд Республикæ Цæгат Ирыстоны хæрзиуджытæ.**

Майдан "Ирыстоны Намысæн"-æй республикæйы социалон-экономикон рæзтмæ бавæрæны тыххæй хорзæхджын систы УФ-йы Экономикон рæзты министры хæдивæг **Сергей Назаров**, Цæгат-Кавказы федералон зылды социалон-экономикон рæзты паддзахадон программæ æххæстгæнæг департаменты разамонæг **Камиль Бексултанов** æмæ Цæгат-Кавказы федералон зылды социалон-экономикон рæзты департаменты директор **Игорь Храновский**.

Уый тыххæй Указтæ бафыста РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Хæрзиуджытæ уæлдæр амынд разамонджытæн Мæскуыйы радта республикæйы Хицауады Сæрдар **Дзанайты Барис**. Регионы разамонæджы æмæ йæхи номæй Хицауады Сæрдар зæрдиаг арфæ ракодта Сергей Назаров, Камиль Бексултанов æмæ Игорь Храновскийæн регионы ахсджиаг фарстатæ лыг кæныны хъуыддаджы сæ алывæрсыг æххуысы тыххæй.



— Абон Цæгат Ирыстон размæ цæуы алы къабазы дæр. Мах модернизаци кæнæм æмæ аразæм ног, социалон ахадындзинад кæмæн ис, ахæм вазыгджын объекттæ, уыдонимæ — скъолатæ, рынчындæттæ, культурæйы артдзæстытæ, спорткомплекстæ, цæрæнуатон-коммуналон инфраструктурæ республикæйы алы районы дæр. Бирæтæ дзы ныридæгæн скуыстой. Æппæт уыцы егъау хъуыддæгтæ Уæрæсейы Экономикон рæзты министрадимæ æмгуыстады фæрцы арæзт цæуынц. Сымах цы уынаффæтæ рахæссут, уыдоны руаджы нæ республикæйы граждæнты царды уавæртæ дзæвгар фæхуыздæр сты. Бузныг, уæ æппæтвæрсыг æххуысæй! — арфæ ракодта Дзанайты Барис.

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

**Газетфыссынад**

## "Рæстдзинад" — 2024 азы фыццаг æмбисæн

**2024 азы фыццаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны сæйраг кампани райдыдта ацы азы 1 сентябры. Иннæ хæттытау ныр дæр та "Рæстдзинад"-ы иузæрдион кæсджытæ рафысдзысты сæ уарзон газет.**



**Фæлæ цард "зынаргъдæр" куыд кæны, афтæ рæстæгæйрæстæгмæ бафты газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны аргъыл. Афтæ, хъыгагæн, уыдзæн ныр дæр. 2024 азы фыццаг æмбисæн газет "Рæстдзинад" рафыссыны аргъ у 1 319 сомы æмæ 10 капеччы, адæмы льготон къордтæм чи хауы, уыдонæн та газет рафыссæн ис асламдæрæй, ома, 1077 сомы æмæ 30 капеккæй.**

**Нæ зынаргъ газеткæсджытæ, Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, ирон æвзаг, ирон фысджыты, нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды æмæ, нæ рæзгæ фæсивæд сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут газет "Рæстдзинад". Æмæ æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстоны æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыд, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.**

**АЛЫ ИРОН ХÆДЗАРÆН ДÆР — ГАЗЕТ "РÆСТДЗИНАД"!**

**РЕДАКЦИ**

**Æхсызгон цау**

## Вахтанговонты стыр лæвар — Дзæуджыхъæуæн

**Вахтанговы номыл театр йæхи цæттæ кæнын райдыдта, июлы Дзæуджыхъæуы цы стыр фестивал аразынмæ хъавынц, уымæ.**

Театры экспертон æмбырды равзæрстой, фыццаг фестивалы программæмæ цы спектаклтæ хаст æрцæудзæн, уыдон. Ныртæккæ вахтанговонтæ ныхас кæндзысты театрты разамонджытимæ æмæ сбæлвырд кæндзысты техникон райдертæ. Декабры æртыккаг декадæйы фестивалы программæ рахæсдзысты Цæгат Ирыстоны Хицауады размæ.



Дзæуджыхъæуы фæзы цы стыр ахадындзинад уыдис, уый. Кæд тæрккъæвда уарыд, уæддæр 6000 адæймаджы æрбацыд концертмæ. Æмæ уынаффæ рахастам: уыцы горæты, ахæм диссаджы хорз адæмæн æмбæлы æмæ, æнæмæнг, сараздзыстæм Вахтанговон театралон

"Мах нæ зæрдыл бадардтам, Вахтанговы Хæдзар 2023 азы 30 апрелы байгом кæнынмæ цы концерт радтам, уымæн

фестивал, — загъд ис театры телеграм-каналы. — Абон æрцыд рæстæг фестивалы ном раргом кæнынæн, сымах æй, кæй зæгъын æй хъæуы, зонут — "Вахтангов. Фыдыуæзæгмæ фæндаг".

Фестивал — "Вахтангов. Фыдыуæзæгмæ фæндаг"-æй ссардзысты — республикæйы 100 азы ном. Фестивал цæудзæн Дзæуджыхъæуы уынгты, æрмæст сценæйыл нæ. Йæ фæлгæты дæтдзысты премитæ Цæгат Ирыстоны культурæйы рæзтмæ, социалон къабазмæ æмæ креативон индустримæ зынгæ бавæрæн бахæссыны тыххæй.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

**Дзырды фарн**

*Топпы хъæр куы сцырын вæййы,*
*уæд ... нал фæхъуысы мæргътæн сæ зарын.*

*ХЪУЫЛАТЫ Созырыхъо*

**Боныхъæд** — **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **7 декабры,** уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **0-5 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **3-5 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 09,08

**Хурыскаст** — 07,16
**Хурныгуылд** — 16,24

Валютæйы аргъ

**Доллар** — 92,11↑
**Евро** — 99,72↑

12+

Конференци

# "Иугонд Уæрæсе": азы рагагъоммæйы хатдзæгтæ æмæ хæстæгдæр фидæнмæ нысантæ

**Дзæуджыхъæуы уыд политикон парти "Иугонд Уæрæсе"-йы цæгатирыстойнаг хайады радон конференци. Æмбырды архайджытæ рагагъоммæ хатдзæгтæ скодтой 2023 азы архайдæн, стæй æрдзырдтой хæстæгдæр фидæны куысты нысантыл.**

Конференцийы куысты архайдтой æмæ раныхас кодтой партийы регионалон хайады нымæрдар, РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**, республикæйы Хицауад æмæ Парламенты уæнгтæ, Дзæуджыхъæуы Минæвæртты æмбырды депутаттæ, республикæйы муниципалитетты æвзæрст делегаттæ, стæй хуынд адæм.



Æмбырд байгом кæнгæйæ, Сергей Меняйло йæ раныхасы куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй республикæйы цæрджыты 'хсæн æппæты кадджындæр у "Иугонд Уæрæсе". Республикæйы разамонæджы ныхасмæ гæсгæ, уымæн æвдисæн сты, ацы азы дæргъы муниципалитетты цы бынæттон æвзæрстытæ уыд, уыдоны бæрæггæнæнтæ дæр.

"Зæгъæм, ацы азы республикæйы 5 муниципалон районы арæзт æрцыдысты алы æмвæзады 21 æвзарæн мадзалы. Æппæт уыцы кампаниты дæр "Иугонд Уæрæсе"-йы минæвæрттæ зæрдиагæй архайдтой. Æмæ нæ партийы кандидатты къухы бафтыд хорз бæрæггæнæн. Афтæ, æппæт 116 депутатон мандатæй "Иугонд Уæрæсе"-йы минæвæрттæм æрхауд 96 бынаты. Бынæттон администрацийы сæргълæуджыты æвзæрстытæ та цы 11 цæрæн бынаты цыдысты, уыдонæй 8 хъæуы фæуæлахиз сты нæ партийы уæнгтæ", — бафиппайдта Сергей Меняйло.



Республикæйы разамонæг æмбырды архайджыты зæрдыл æрлæууын кодта, 2024 азы дæр ахсджиаг æвзарæн мадзæлттæ арæзт кæй æрцæудзæн, уый. Афтæ, мартъийы уыдзысты Уæрæсейы Президенты æвзæрстытæ. Фæззæджы та цалдæр æвзарæн кампанийы архайдзысты Цæгат Ирыстоны цæрджытæ. Зæгъæм, сентябры æвзæрст æрцæудзысты Дзæуджыхъæуы Минæвæртты æмбырды депутаттæ дæр.

"Сæвзæргæ æууæлтæ хынцгæйæ, зæгъæн ис, президентон æвзæрстытæ хуымæтæг уавæрты кæй нæ цæудзысты, уый. Уыдæттæ зæрдыл даргæйæ, не 'ппæт хъæрутæ дæр хъуамæ æрбангом кæнæм, цæмæй æвзæрстытæ ацæуой æмбæлгæ уагыл. "Иугонд Уæрæсе"-йы сæйрагдæр хæсыл нымайын æвзарæн кампанийы зæрдиагæй архайын æмæ нæ фарсхæцджыты æргом æнæмæнгæй хъæлæс кæнынмæ раздахын", — фæбæлвырд кодта йæ хъуыды Сергей Меняйло.

Партийы регионалон хайады дарддæры архайды нысантыл дзургæйæ, Цæгат Ирыстоны разамонæг куыд бафиппайдта, афтæмæй республикæйы дарддæры райрæзты ахсджиагдæр нысантæ сæ бынат бацахстой партийы "адæмон программæйы" уагæвæрдты. "Уыцы нысанты 'хсæн — сывæллонджын бинонтæн ахадгæ æххуыс, социалон объектты арæзтад æмæ бындурон цалцæг, æхсæнадон фæлладуадзæн бынæттæ æмæ бирæфатерон цæрæн хæдзæртты кæртыты фæлгонцад, социалон лæггæдты хызæджы райрæзт, бастдзинады хайæдты модернизаци, социалон газификацийы программæ æмæ афтæ дарддæр. Иу ныхасæй, нæ адæмы цард фæрныгдæр цы проекттæ æмæ программæты фæрцы фæуа, уыдон. Æмæ уыцы хæстыл иудадзыгон фæткы бындурыл архайд цæуы", — загъта Сергей Меняйло.

"Иугонд Уæрæсе"-йы "адæмон программæ" куыд æххæстгонд цæуы, ууыл йæ доклады бæстон æрлæууыд партийы регионалон хайады нымæрдары хæдивæг **Едзойты Марат.** Йæ ныхасмæ гæсгæ, программæйы уагæвæрдтæ æххæст кæнынмæ ис бæстон цæстдард. Зæгъæм, программæмæ хаст ахсджиаг объектты арæзтад æмæ цалцæг куыд цæуы, уымæ сæ цæст дарынц сæрмагонд проект "Партион десант"-ы архайджытæ. Уыдоны кусæг къорды уæнгтæ сты алы æмвæзады закъонæвæрынадон оргæнты партийы минæвæрттæ, стæй бынæттон цæрджытæ. "Партийы "адæмон программæйы" уагæвæрдтæ арæзт æрцыдысты не 'взарджыты куырдиæттæ æмæ фæндæтты бындурыл. Æмæ сæ æххæст кæнынмæ дæр ис бæрнон ахаст", — кæронбæттæны загъта Едзойы-фырт.

Дарддæр конференцийы архайджытæ, сусæгæй схъæлæс кæнгæйæ, ивддзинæдтæ бахастой "Иугонд Уæрæсе"-йы регионалон хайады политикон совет æмæ йæ президиумы скондмæ. Уымæй уæлдай, æмбырды архайджытæ равзæрстой делегаты партийы радон съездмæ.

Конференцийы кæронбæттæны Кады гæххæттытæ лæвæрд æрцыд партийы зæрдиагдæр архайджытæн, партион билеттæ та — "Иугонд Уæрæсе"-йы ног уæнгтæн.

**САНАТЫ Альбинæ**

Барад

# Наркотиктæ уæй кодтой

**Авд лæппуйы кæдæм хаудтой, Цæгат Ирыстоны Прокуратурæ ахæм фыдгæнджыты къордыл арæзт уголовон хъуыддаджы зылынгæнæг хатдзæг сфидар кодта.**



Амынд лæппуты аххосджын кæнынц Уголовон кодексы 228.1-æм статьяйы 4-æм хайы пункттæ "а" æмæ "г"-йы ("Информацион-телекоммуникацион хызæгæй пайда кæнгæйæ, цалдæр адæймаджы уæлдай стырдæр бæрцæй наркотикон фæрæзтæ æнæзакъонæй ауæй кæнынмæ бахъавыдысты") амынд фыдракæнд саразынæй. Слестгæнджыты ныхасмæ гæсгæ, фыдракæнд саразынæй кæй аххосджын кæнынц, уыцы адæймæгтæ хаудтой Интернеты хызæджы фæрцы наркотиктæ æнæзакъонæй уæйгæнæг фыдгæнджыты къордмæ.

Фарон май æмæ июны лæппутæ, мессенджертæй пайда кæнгæйæ, Астраханы, Челябинск æмæ Липецкы облæстты, стæй Мæскуы æмæ Цæгат Ирыстоны фæзуатыл æлхæнджытæн амыдтой наркотикты сусæг æвæрæнты бынæттæ. Фарон июны фыдгæнджыты архайдæн кæрон сæвæрдæуыд. Æнæзакъон зилдухæй тæлæтгонд æрцыдысты 500 граммæй фылдæр наркотикон фæрæзтæ.

Уголовон хъуыддаг барвыстой Дзæуджыхъæуы Советон районы тæрхондонмæ биноныг ыл æрныхас кæнынмæ.

**Юлия КОЛЛЕГОВА**

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

# Хъæбатыр хæстоны мысгæйæ

Бирæ зындзинæдтæ æмæ бæллæхтæ баййæфта нæ райгуырæн зæхх. Бирæ туг ныккалдтой нæ бæгъатыртæ йæ сæрибардзинады сæраппонд... Кæцæй равзæрынц сæ удты уыцы сгуыхтытæ? Цавæр æхсырæй хаст вæййынц? Тынг бирæ сты, Ирыстоны кой дардмæ чи айхъуысын кодта, уыцы хъæбатыртæ. Ирон сылгоймаг сæ ныййардта, Фыдыбæстæ уарзын æмæ сæ рæстдзинадыл чи ахуыр кодта, ныфс сын чи лæвæрдта, ахæм ирон мад.

Уыцы хъæбатыртæй иу у Хъайтмазты Сосланы фырт Феликс. Райгуырд 1987 азы 4 августы. 1994 азы сси Галоны астæуккаг иумæйаг скъолайы ахуырдзау. Æхсæз къласы дзы сахуыр кодта, стæй рацыд Мызуры астæуккаг скъоламæ. Каст æй фæци æмæ дарддæр бацыд ахуыр кæнынмæ Дзæуджыхъæуы электронон колледжмæ, уый фæстæ та — Дзæуджыхъæуы хæххон-металлургон техникумы электромеханикон факультетмæ. Каст æй куы фæци, уæд йе 'фсæддон хæс æххæст кодта Комийы, Æфсæддон-уæлдæфон тыхты. Йæ райгуырæн уæзæгмæ куы æрыздæхт, уæд аст азы бакуыста бæгæныфыцæн завод "Бавария"-йы. Æрхæццæ бинонты хъуыддаг бакæныны рæстæг. Феликс йæ цард баиу кодта йæхи хъæуккаг чызг Габолаты Ланæимæ. Йæхицæй фæлмæндæр адæймаг, уæздандæр æмæ æгъдауджындæр сылгоймаг нæй. Ланæ у хæрзуд æмæ хæларзæрдæ адæймаг.

Рæдау, фæлмæнзæрдæ лæппу, æууæнкджын æрдхорд æмæ цардæмбал, æгъдаудæттæг кæстæр,



августы ацыд барвæндонæй сæрмагонд æфсæддон операцимæ æмæ, хъыгагæн, нал æрыздæхт, баци хæсты амæттаг. "Франк", — афтæ йæ хуыдтой йæ хæстон æмбæлттæ... Феликс æрæджы сси дыууæ сабийы — лæппу æмæ чызджы фыд. Нæ бафсæст, рагæй кæмæ æнхъæлмæ каст, уыцы хъæбулты уындæй. Иунæг хатт ссыд цыбыр рæстæгмæ Мызурмæ, йæ уарзон бинонтæм, йæ дыууæ сабийы фенынмæ.

Зианыл æртæ боны фæкæуынц, фæхъыг кæнынц, Хъайтмазтæ та се 'намонд фыртмæ æнæхъæн къуыри æнхъæлмæ кастысты. Фела... афтæмæй йæ зонынц иуууылдæр. Куыд тынг зын ыл у ивгъуыд афоны дзурын, йе 'намонд ныййарджытæ Сослан æмæ Заремæйæн, йæ иунæг æфсымæр Зауырæн, йæ мæгуыр уарзон сылгоймаг Ланæйæн. Хъайтмазты бинонтæн сæ адджын хъæбул æмæ æфсымæрыл, уарзон цардæмбалыл сæ цæстытæй цæссыгтæ нæ, фæлæ туджы æртæхтæ калд. Цас адæм æрбамбырд кодта Феликс, цал æмæ йыл цал зæрдæйы фæрыст, цас цæссыг ыл фезгъæлд... Дзыллæйы рыстæй ма суанг хæхтæ дæр рызтысты.

Фæзæгъынц, адæймаг цæры, цалынмæ йæ хъуыды кæнынц æмæ мысынц, уæдмæ. Никуы æмæ никæмæй ферох уыдзæн Хъайтмазты æдзард лæппу Феликс дæр.

Фела, рухсаг у æмæ дзæнæты бад. Дæ фæдыл цы бинонтæ, хиуæттæ, хæстæджытæ, къабæзтæ, хъæубæстæ ныууагътай, уыдоныл цардаудæн кæн. Дæ дыууæ уарзон хъæбулы Азæмæт æмæ Валерия æнæнизæй бахъомыл уæнт, царды хæрзтæй хайджын уæнт. Уырны мæ, дæ ном дын бæрзæндты кæй хæсдзысты, уый, уымæн æмæ хъæбатыр хæстоны цот сты.

**РÆМОНТЫ Алинæ,**
**Мызуры поселочы цæрæг**

Муниципалон программæ

# Æрлæууæн бынæттæ

**Дзæуджыхъæуы æхсæнадон транспорты дæс æрлæууæн бынаты ныввылгонд æрцыдысты. Ацы хабар нæ республикæйы сæйраг горæты администрацийы сæргълæууæг МИЛДЗЫХТЫ Вячеслав йæ телеграм-каналы фехъусын кодта.**



"Рухс иннæрдæм кæм нæ хизы, адæмы удæнцойдзинадæн æхсæнадон транспорты æрлæууæн павильонтæ арæзт сты ахæм хæрзхъæд æрмæджытæй. Инæлар Плийы-фырты æмæ Карл Марксы уынгты, Маркусы æмæ Дзанайы-фырты уынгты, Инæлар Плийы-фырты уыджы æмæ Къостайы проспекты тигъыл, стæй Кировы уынджы уæвæг æрлæууæн бынæттæ æртæрдыгæй арæзт сты æхсыст авгæй. Уымæй уæлдай, ног æрлæууæн бынæттæ фæзындзысты Дзусы-фырты, Владикавказаг æмæ Хæдарцы-фырты (2 бынаты) уынгты, стæй Гугкайы-фырты æмæ Галковскийы уынгты тигъыл æмæ Фыццæгæм Реданты поселочы", — фыссы хицауы бынатахсæг адæймаг.

**Фиппаинаг:** æхсæнадон транспорты æрлæууæн бынæттæ ныввылгонд цæуынц муниципалон программæ "Ныввылкæнынад æмæ цъæхвæлындад"-мæ гæсгæ.

**"15-æм регион"**

Рахизфарсы районæй

# Рæвдауæндон сараздзысты

**Фондз азы размæ Епархийæн Олгинскæйы астæу кувæндон саразынæн зæхxы сыгъдæггонд хай радих кодтой.**

Ам арæзтадон куыстытæм кæй нæ бавнæлдтой æмæ зæхх гæныстон кæнын кæй райдыдта, уыдæттæ нымайгæйæ, иу-цасдæр рæстæджы фæстæ хъæуы хицауад рахастой амынд ран сывæллæтты рæвдауæндон саразыны уынаффæ. Фæлæ Епархи хъаст кæнын кæй райдыдта, уымæ гæсгæ рæвдауæндоны арæзтад фæкъуыхцы. "Сапа" куыд фехъусын кодта, афтæмæй уынаффæ рахастам, — зæгъы ахуырады управленийы минæвар.

Ацы аз Цæгат Ирыстоны разамынд дæр Епархийы æмæ Олгинскæйы администрацийы 'хсæн ныхасы архайын куы райдыдта, уæд зæххы хай сывæллæтты рæвдауæндоны арæзтадæн радтой.

— Епархийæн зæххы хай æндæр ран ратдзысты. Сæдæ ссæдз сывæллонæн бынæттæ кæм уыдзæн,



дыууæ азы дæргъы Епархи æмæ районы ахуырады управлени ныхас кодтой.

— Епархи нын хъæуы астæу уæвæг зæххы хай радтыныл нæ разы кодта. Кæй зæгъын æй хъæуы, Олгинскæйы кæрон искæцы ран рæвдауæндон рагæй сарæзтаиккам, фæлæ адæмæн хъæуы иу кæронæй иннæмæ сывæллæттимæ цæуын æнцон кæй нæ уыдаид, уый нымайгæйæ, сыгъдæггонд зæххы хайыл рæвдауæндон саразыны ныртæккæ ахæм рæвдауæндоны проект цæттæ кæнæм. Иннæ аз объекты арæзтадмæ бавналдзыстæм, — загъта амынд управленийы кусæг.

Ныртæккæ Олгинскæйы рæвдауæндон кæм ис, уыцы бæстыхайыл цæуы сæдæ азæй фылдæр. Рæвдауæндон цалдæр хатты сцалцæг кодтой, фæлæ ног бæстыхай саразын æмбæлы.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

Цæстæнгас

# Тохы бындур — фæзуат, политикæ æмæ экономикæ

**Дунейы фæстаг рæстæг цы цаутæ цæуы, уыдонмæ гæсгæ та сног ис джихады темæ. Алыхуызы экспертты се уæны кæсынц: джихад расиддзысты æви нæ? Ныртæккæ, æппынæдзух чи ивы, уыцы дунейы исты базонын зын у. Цæмæй исты хатдзæгмæ æрцæуай, уый тыххæй хъуамæ бæлвырд зонай, цы у джихад, сæйрагдæр та, йæ расидыны аххосаг цы вæййы. Æвæдза, уый рæдийынгæнæн хъуыды у — искæмæн джихад расидын, цæмæй пысылмон диныл хæст адæмы æххуысæй дæхи лыгъæнинаг фарстатæ, арæхдæр, пысылмон дины фæткттæм чи ницы бар дары, ахæмтæ иуварс кæнын.**

Ахæм хъуыддагæн нæхæдæг æвдисæн уыдыстæм, араббæгтæ хъуыддаг бæлвырд кæй нæ зыдтой, уымæй Цæгат Кавказы боевиктæ куыд спайда кодтой, куыд сæ бауæндын кодтой, Уæрæсейы хицауад сын пысылмон дин кæнын кæй нæ уадзы, æмæ тынг кæй удхар кæнынц, уый фæстиуæгæн. Араббæгтæ уыцы "аргъæуттыл" æууæндыдысты æмæ боевикты джихадæн æхца рæдауæй лæвæрдтой. Уæдæ куыд! Сæ дины тыххæй хъизæмар кодтой! Уæд Уæрæсе боевикты раз састы бынаты баззад информаци æмæ пропагандæйы хæсты.

Ныртæккæ Уæрæсе, уыцы æнкъард уроктæ бахынцгæйæ, дзæвгар "фæзондджындæр" æмæ уыцы фарстайы йæ политикæ цæхгæр фæивта, æххæст æй кæны, куыд æмбæлы, афтæ. Æрхæсдзынæн иу дæнцæг. Бирæ алыхуызон ныхæстæ цыдис Грознайы мæзджыт арæзтыны фæдыл. Иутæ дзырдтой, бюджеты æхцатæ, дам, доны калынц, фæлæ ныр æмбарын райдыдтой нæ паддзахады хицауады политикæ. Зæгъæм, ныртæккæ боевиктæ араббæгтæм куы бацæуой Уæрæсейы ныхмæ джихадæн æхца курынмæ, уæд араббæгтæ зæгъдзысты: "Хатыр бакæнут, фæлæ мах хорз зонæм, Грознайы Европæйы стырдæр мæзджыт арæзт кæй æрцыд. Уæд уый, сымахмæ гæсгæ, пысылмон диныл хæст адæмы хъизæмарæн сарæзтой? Араббаг дунейы дæр бирæ рæтты нæй ахæм уавæртæ. Уæдæ ма уæ цы хъæуы пысылмон дины фæтк æххæст кæнынмæ?"

Пысылмон дины амындтытæм гæсгæ, джихад расидыны бар алкæмæн нæй, зæгъæм, цавæрдæр быдираг командæгæнæгæн. Джихад расидын сæ бон у, æрмæстдæр тынг кæй нымайынц, ахæм пысылмон дины раздзæуджытæн, стæй уымæн хъуамæ уа бæлвырд бындур. Ахæм бындурыл та банымайæн ис пысылмон диныл хæст адæмы барæй удхарæй марын. Зæгъæм, Хъуыран ахуыр кæнын, мæзджытмæ цæуын, пысылмон дины фæткы цы 'мбæлы, уыцы æгъдау кæнын сын куы нæ уадзой, йе та, æндар мадзæлттæй пайда кæнгæйæ, пысылмон адæмы куы нæ уадзой сæхи дин кæнын. Паддзахад бар куы дætta уыдæттæн, уæд пысылмон дингæнджытæ, æндæр бæстæты цæргæйæ, хъуамæ уыцы паддзахад нымайой, хорз цæстæй йæм кæсой.

Кæй зæгъын æй хъæуы, пысылмон дингæнджытæн дæр бар ис, куыд бæстæйы иннæ граждæнтæн, сæ бартыл паддзахады хицауады æнæраст политикæйы ныхмæ дзурын, æрмæст политикон процессты фæлгæты, дины компонент дзы куыд нæ уа, афтæмæй. Нæ бæстæйы сæйраг горæт царв æмæ мыды кæй æвдылы, паддзахады кæрæттæ та мамæлайы къæбæрæй кæй цæрынц, уый хорз бæргæ нæу, фæлæ уый джихад расидынæн фаг æфсон нæу. Раст куы зæгъæм, уæд зæххы цъарыл алкæм дæр, кæм — фылдæр, кæм — гыццылдæр, алы паддзахады сæйраг сахар дæр дæлджиныг кæны провинцийы, фæлæ уый дины фæлгæты нæу. Политикон тох расидынæн, ома, нæ дин кæнын нын нæ уадзынц, æмæ уый ныхмæ тох кæнæм, зæгъгæ, уый у æхцайы фæрæзтæ райсынæн хорз æфсон, пысылмон динмæ ницы бар дары.

Ныртæккæ Израил æмæ Палестинæйы 'хсæн быцæу йæ карздæр фазæмæ бахæццæ. Бирæтæ афтæ нымайынц, хæстæгдæр рæстæг, дам, джихад расиддзысты. Цыфæнды карз кæд у, уæддæр ыл басæттæм — уый дины бындурыл хæст нæу. Политикæ, экономикæ, цыфæнды дæр, æрмæст дины бындурыл — нæ.

Израилы æфсæддонтæ нын афтæ æмбарын кæнынц, ома, дам, уыдонмæ куыд фæкаст, афтæмæй мæзджыты уыдис гæрзифтонг адæм. Раст у æви нæ — уый ахсджиаг нæу, фæлæ нæдæр Израил дины ныхмæ нæ тох кæны, нæдæр араббæгтæ — иудаизмы ныхмæ. Уымæ гæсгæ, уыцы тох кæд дины бындурыл нæу, уæд дзы джихадæн дæр бынат нæй. Уый у тох фæзуатыл, зæххыл, политикæйыл, æхцайыл, ахадындзинадыл. Мах та æнхъæлмæ кæсдзыстæм, ацы тугкалæн хæст кæд фæуыдзæн, уымæ.

**Юрий ПЕТРОСОВ,**
**æхсæнадон уацхæссæг**

Энергетикæ

# Тæрхондоны фæрцы бадомдтой

**Акционерон æхсæнад "Россети Цæгат Кавказ"-ы филиал "Севкавказэнерго" Дыгуры районы муниципалон унитарон куыстуат "Благоустройство"-йыл Арбитражон тæрхондонмæ кæй барвыста, уыцы хъасты домæнтæн æххæстæй разыйы дзуапп радтой.**



Амынд куыстуат фæлхасгонд электрон тыхы тыххæй энергокомпанийæ хæс кæй дардта, уый нымайгæйæ, тæрхондонмæ бахъаст кодтой. Тæрхондоны уынаффæмæ гæсгæ, куыстуатæй бадомдтой 50 милуан сомы бæрц хæс.

Тæрхондоны 1,8 милуан сомы бæрц уынаффæ йæ закъоны тыхы нæма бацыд. Иннæ 19 тæрхонадон акты бындурыл райстæуыд 48,2 милуан сомы бæрц æххæстгæнинаг документтæ. Æппæт ацы документтæ æнæбары æххæсткæнынады оргæнтæм барвыстой.

Ныртæккæ Арбитражон тæрхондон æвзары куыстуат "Благоустройство"-йыл æрвыст ноджыдæр ма 6 хъасты куырдиаты (сæ иумæйаг бæрц — 8,7 милуан сомы).

Муниципалон унитарон куыстуат "Благоустройство" у Дигора æмæ ацы горæтмæ 'ввахс хъæутæ донæй ифтонггæнæг Дыгуры районы егъаудæр коммуналон куыстуат. Ацы азы 1 ноябры куыстуат энергокомпанийæ дардта, æмткæй райсгæйæ, 61 милуан сомæй фылдæры бæрц хæс.

**"Севкавказэнерго"-йы пресс-службæ**

Бынæттон хиуынаффæйад

# Æрæфы район: сомбонмæ — ныфсджын къахдзæфтæ кæнгæйæ

**Стыр фурд чысыл цæугæдæттæй куыд сбирæ вæййы, афтæ не стыр бæстæйы фидар æмæ фæрныг цард дæр ивылы æмæ размæ тындзы йæ алы регион, алы республикæйы фæрнджын цардæй. Уыдон та тыхджын уæд вæййынц, æмæ дзы адæмæн цæрыны нывыл уавæртæ куы уа, гыццыл хъæутæ æмæ районты цæрджытæ сæ уавæртæй разы куы уой æмæ сæ сæ фидæнæй ныфс куы уа, уæд. Ацы цæстæй акæсгæйæ, куыд цæры абон нæ республикæйы районтæй иу — Æрæфы район? Цавæр æнтыстытæ æмæ йæм сагъæстæ ис? Цæуыл у сæ тыхст, сæ мæт йæ цæрджытæн æмæ фидæнмæ цавæр хорз хъуыддæгтæм æнхъæлмæ кæсынц, сæ зæрдæ цæуыл дарынц? Ацы æмæ æндæр фарстытæн дзуаппытæ райсыны тыххæй фембæлдыстæм Æрæфы районы муниципалон сконды сæргълæууæг ХАМЫХЪОТЫ Робертимæ, æмæ не 'хсæн рауад ахæм ныхас:**

**— Роберт, арфæ дын кæнын дæ ног куысты бынаты фæдыл. Районы дарддæры рæзты тыххæй дæм цавæр пълантæ ис?**

— Нæ нысан у иу — район размæ цы ныфсджын къахдзæфтæ акодта ныридæгæн дæр, уыдон дарддæр ноджы ныфсджындæрæй кæнын æмæ, йæ цæрджытæн нырмæ дæр цы хорз хъуыддæгтæ саразын бантыст царды алы къабæзты, уыдон ноджы фылдæр куыд фæуой, уыуыл архайын.

**— Районы æнтыстдзинадыл, фыццаджыдæр, дзурæг у йæ бюджеты уавæр. Куыд рауадысты ивгъуыд азы бæрæггæнæнтæ?**

— Ивгъуыд азы бюджетимæ баст фарстатæ район сæххæст кодта. Уый дзурæг у административон-финансон политикæйы нывылдзинадыл, æмæ йыл фидæны дæр архайдзыстæм. Ивгъуыд аз районы бюджеты æфтиæгтæ уыдысты 592 милуаны 975 мин сомы, кæнæ та пъланæн йæ 99,7 проценты, хæрдзтæ — 588 милуаны 480,2 мин сомы, кæнæ пъланæн йæ 97,8 проценты. Æхцатæн нæм сæ фылдæр фæхæццæ республикон бюджетæй, фæлæ район йæхæдæг дæр архайы бынæттон бюджетмæ цæуæг хъалонтæ фæфылдæр кæныныл, зæгъæм, зæххы хæйттæ хаццоны чи райста, уыдон сæ хъалонтæ афоныл цæмæй фидой, уымæн уавæртæ аразæм. Уымæй уæлдай, районы администраци цы мадзæлттæ сарæзта, уыдоны фæрцы нæм нал ис, йæ фидыны рæстæг кæмæн аивгъуыдта, ахæм кредиттæ. Уæвгæ, республикон бюджет бынæттон бюджеттæн куыд æххуыс кæны, уыцы цæстæй акæсгæйæ, Æрæфы районы у, къаддæр æххуысхъуаг чи у, ахæмты 'хсæн, уымæн æмæ йæхи хъомыс дæр бирæ у.

Ацы азы бюджеты æфтиæгтæ та, куыд пълан кæнæм, афтæмæй хъуамæ уой 566 милуан сомы, хæрдзтæ — 561 милуаны 43 мин сомы.

**— Куыд зонæм, афтæмæй Æрæфы районæн йæ экономикæйы бындур, фыццаджыдæр, у хъæууон хæдзарад. Цавæр уавæртæ арæзт цæуы районы йæ рæзтæн?**

— Хъæууон хæдзарады кой куы кæнæм, уæд нæм фылдæр æргом здæхт цæуы зæххы куыст кæнынмæ æмæ фосдарынадмæ. Зæххы куыст нæм кæнынц исбонады алы хуызты 150 хæдзарады. Сæ фылдæр кæнынц хортауыны куыст. Фæстаг æртæ азмæ нæм нартхоры тыллæг рауад 90 центнеры иу гектарæй. Уæлдай фылдæр æнтысы æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад "Ираф-Агро"-йæн, зæхкусæг-фермерон хæдзарæдтæ "Гатиев А.Р.", "Соскиев Ю.В." æмæ хъæууонхæдзарадон-куыстадон кооператив "Акберди"-йæн. Хъыгагæн, фæстаг рæстæг къаддæр садзын райдыдтам картоф æмæ æндæр халсартæ, фæлæ уый хыгъд не 'ргом фылдæр аздæхтам халсартæ хъæрмуæтты зайын кæныны хъуыддагмæ. Паддзахадон программæ "Агростартап"-мæ гæсгæ арæзт æрцыдысты æмæ кусын райдыдтой, 1 880 квадратон метры чи бацахста, æртæ ахæм хъæрмуаты, ныртæккæ дзы пъамидор æмæ джитърийы тыллæг æфснайæм. Уæй кæнынмæ сæ ласæм районы уæйгæнæн бынæттæм.

**"Цæгат Кавказы федералон зылды райрæзт"**-ы паддзахадон программæйы фæлгæты 2016-2025 азты РЦИ-Аланийы социалон-экономикон рæзты дæлпрограммæмæ гæсгæ ивгъуыд аз Лескены хуымзæххыты 222 гектары ныссагътам æхсæры мыггаг — фундук. Ацы проект саразыны хъæппæрис равдыста æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад "Фундук Алании". Проекты инвестициты бæрц у 128 милуаны 600 мин сомы, 2017-2022 азты цы хъалонтæ бафыстой, уыдоны бæрц та рауад 1 милуан 565 мин сомы. Арæзт æрцыд 24 кусæн бынаты, фæлæ уыдзысты фылдæр — 34 бынаты.

Уымæй уæлдай, фæфылдæр кодтам, фæткъуы бæлæстæ кæм рæзынц, уыцы дыргъдæтты фæзуат, æмæ ныртæккæ ахсынц 160 гектары, 20 гектары та ахсынц æнгуз бæлæстæ. Ис нæм, сæнæфсир æмæ гагадыргътæ кæм рæзынц, ахæм зæххы хæйттæ дæр.

"Цæгат Кавказы федералон зылды райрæзт"-ы паддзахадон программæйы фæлгæты компани "Диг-Агро" сарæзта, хоры 35 мин тоннæйы æфснайæн кæм ис, ахæм хордон. Ацы программæйы фæрцы ма нæм 25 иуæгæй фæфылдæр хъæууонхæдзарадон техникæйы нымæц, уый фæрцы афоныл æмæ æнæкъуыхцытæй бафснайæм нæ тыллæг.

Фосдарынады куыст Æрæфы районы кæнынц æнæххæст бæрнондзинады æхсæнадтæ "Харес", "СПК-Калух", хъæууонхæдзарадон-куыстадон кооперативтæ "Акберди" æмæ "Диг-Агро", стæй ма хицæн амалхъомтæ. Экологон æгъдауæй сыгъдæг æмæ хæрзхъæд дзидза нæм цæмæй уа, уый тыххæй "Харес"-ы дарынц яктæ, 2018 азы сæм уыд 700 сæры, ацы аз та — 1 170 сæры. "Акберди" 2010 азы балхæдтой 100 дыгæрдыджы æмæ дыууæ хæрзмыггаг галы, ныртæккæ дарынц 270 сæры. "СПК-Калух" 2020 азы балхæдтой æхсыры мыггаджы 60 дыгæрдыджы. Ныртæккæ сæм ис 156 сæры, æмæ ацы азы æхсæз мæймæ æрдыгътой æмæ ауæй кодтой 210 тоннæйы æхсыр. Уымæй уæлдай, фосдарынады къабазы æнтыстытæ сæ къухы бафтыд хицæн амалхъомтæ — **Таматы Хъасболæн, Бабочиты Æхсарæн, Скъодтаты Харитонæн, Цæрикъаты Таймураз** æмæ **Виталий Казимовæн** дæр, фыстæ дарыны къабазы та — **Боллоты Артурæн**.

2022 азы программæ "Агростартап"-ы фæлгæты нæ районы хъæууонхæдзарадон товаруадзджытæй авд фермеры райстой 9 милуаны 915,7 мин сомы æххуыс. Цыппар зæхкусæг-фермерон хæдзарадæн цы субсидитæ лæвæрд æрцыд, уыдоны бæрц та рауад 28 милуаны 950 мин сомы. Æдæппæт 2022 азы Æрæфы районы фермерон хæдзарæдтæн алыхуызон æххуысты хуызы паддзахадæй лæвæрд æрцыд 97 милуаны 32,5 мин сомы, ацы азы фараст мæймæ та — 91 милуаны 846 мин сомы.

Промышленнон куыстуат нæм ис иунæг — æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад "Æрæфы хуыйæн фабрик". Ацы ран хуыйынц алыхуызон организацитæ æмæ куыстуæттæн сæрмагонд уæлæдарæс. Цы продукци уадзынц, уый у хæрзхъæд, дзуапп дæтты æппæт домæнтæн. Ацы азы аст мæймæ сæ куыстады гуырахст фæфылдæр æмæ рауад 84 милуан сомы аргъ, ивгъуыд азы ацы рæстæгимæ абаргæйæ, уый у 27,1 процентты фылдæр. Куыстуат аккаг бавæрæн хæссы алы къæпхæнты бюджеттæм, амынд рæстæг сæ хъалонтæ рауадысты 13,8 милуан сомы.

**— Цавæр проектты кæнæ паддзахадон программæты ма архайы Æрæфы район?**

— Зæгъæм, **"Горæтаг хæрзвадат уавæртæ аразын"**-ы федералон паддзахадон программæйы. Йæ фæрцы нæм æнцонвадат ахæм уавæртæ арæзт æрцыд Сырх-Дыгуры парчы, Цыколайы Дедегкаты Михалы уынджы, стæй хъæуы астæу æхсæнадон фæлладуадзæн бынаты.

**"Хъæууон фæзуæтты иумæйаг райрæзт"**-ы паддзахадон программæйы фæлгæты рацарæзтам Толдзгуыны донуадзæн хæтæлтæ, стæй Цыколайы Будтуты Мухайы, Фадзайты Арсены æмæ Карл Марксы уынгты канализацион хæтæлты иу хай. Уымæй уæлдай, ацы программæмæ гæсгæ Лескены арæзт цæуы, йæ фæзуат 108 квадратон метры кæмæн у, ахæм цæрæн хæдзар.

**"Æнæниздзинад хъахъхъæнынад"-ы** национ проекты фæлгæты фæстаг дыууæ азмæ ног арæзт кæнæ бындурон цалцæггонд æрцыдысты æмæ кусын райдыдтой фондз амбулаторийæ æртæ — Мæцутæйы, Дæргъæвс æмæ Сырх Дыгуры, кусынц фондз фелсырон пункты дæр — Æхсæрысæры, Советон поселочы, Дзæгъепбарзы, Мæхческ æмæ Стыр Дыгуры æмæ иу фелсырон-акушерон пункт Сечеры. Фелсырон-акушерон пункттæ арæзт æрцыдысты æмæ кусын райдыдтой Толдзгуын æмæ Дзинагъайы дæр. Æнæниздзинад хъахъхъæнынады къабазы сæ куыст æххæст кæнынц, рынчынтæн 45 бынаты кæм ис, Æрæфы районы уыцы центрон рынчындон æмæ, иу радмæ 485 адæймагæн балæггад кæнынхъом чи у, ахæм поликлиникæ. Нæ медицинон уагдæтты æдæппæт кусы 195 адæймаджы, уыдонæй 45 — дохтыртæ, 82 — астæуккаг медицинон кусджытæ. Уыдон фаг сты, зæгъгæ, куы зæгъон, уæд раст нæ уыдзынæн, бынтон сагъæссагдæр та уый у, æмæ се 'мбис кæй сты хистæр кары адæймæгтæ, пенсиисджытæ. Æрыгон специалисттæ, хъыгагæн, уыйас зæрдиагæй хъæутæм кусынмæ нæ цæуынц.

Национ проект **"Культурæ"-**йы фæлгæты 2018-2022 азты бындурон цалцæг æмæ ифтонггонд æрцыдысты авд культурæйы артдзæсты, Æхсæрысæры та арæзт æрцыд, 100 бынаты кæм ис, Культурæйы ахæм хæдзар. Афтæмæй, клубтæ æмæ культурæйы хæдзæрттæй район æххæстгонд у 100 процентæй, библиотекæтæй та — 88,2 процентæй. Ацы проекты фæлгæты ма хæрзæрæджы Лескены фæзынд, нæ бæстæйы æппæт библиотекæтимæ электронон хуызы баст чи у, нырыккон технологитæй ифтонггонд библиотекæ. Ахæм библиотекæ ма нæ республикæйы ис æрмæстдæр Дзæуджыхъæуы.

Районы Культурæйы хæдзары кусы 107 алыхуызон къорды, архайынц дзы 1 300 адæймаджы. Сæ æнтыстджын архайдыл дзурæг у, æхсæз коллективы дзы кæй хæссынц "Адæмон"-ы ном. Иу къорд нымад æрцыд "Дæнцæгæн хæссинаг"-ыл, æхсæз коллективы та систы дунеон æмæ уæрæсейаг алыхуызон конкурстæ æмæ фестивалты лауреаттæ.

Ахуырадон къабазы нæм ивддзинæдтæ цæуы, **"Ахуырады къабазы райрæзт"-ы** паддзахадон программæйы район кæй архайы, уый фæрцы. Æрæфы районы кусы 12 скъолайы, сæ ахуырдзауты нымæц у 1 683, æмæ скъолайы рагагъоммæйы 11 кусæндоны, ис сæм 514 хъомылгæнинаджы. 2022 азæй фæстæмæ æххæст кæнæм скъолатæ бындуронæй рацаразыны æмæ сæ нырыккон домæнтæм гæсгæ сифтонг кæныны программæ. Йæ фæлгæты бындурон цалцæг æрцыд Хуадонты Иссæйы номыл Цыколайы 3-æм астæуккаг скъола, стæй поселок Советоны, Æхсæрысæры æмæ Мамсыраты Дæбейы номыл Дæргъæвсы астæуккаг скъолатæ. Национ проект **"Ахуырад"**-ы фæлгæты та бындурон цалцæггонд æрцыдысты Сечеры, Хæзныдоны æмæ Мæхческы спортивон залтæ.

Не скъоладзауты ахуыры хæрзхъæддзинадыл дзурæг сты паддзахадон фæлварæнты бæрæггæнæнтæ: ивгъуыд азы нæ рауагъдонтæй фараст каст фесты иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ, 11-æм къласы 48 рауагъдонæй та фондз адæймаджы сæ иттæг хорз ахуыры тыххæй райстой сыгъзæрин майдантæ. Рауагъдонтæн се 'ртыккаг хай иумæйаг паддзахадон фæлварæнтæй райстой бæрзонд бæрæггæнæнтæ (80-100 баллы). Ахуырдзаутæй курдиатджындæр чи у, уый раиртасыны нысанимæ скъолаты кусынц "Рæзты тæлмытæ" нымæцон æмæ гуманитарон къабæзтæм гæсгæ. Районы скъолаты ис химикон-биологон, информацион-технологон, социалон-экономикон кълæстæ, суанг ма кадетты кълас дæр.

**— Бæрæг куыд у, афтæмæй спортмæ Æрæфы районы уæлдай æргом здæхт цæуы. Æрæджы уæм цы ног спортивон комплекс фæзынд, уый дæр ууыл дзурæг у...**

— Ахæм спортивон комплекс нæ рагæй хъуыд. Арæзт æрцыд æртæ азмæ, æмæ уый дæр — "Хъæууон фæзуæтты иумæйаг райрæзт"-ы паддзахадон программæйы фæрцы. Йæ фæзуат у 5 мин квадратон метры. Йæ нысанмæ гæсгæ комплекс дзуапп дæтты спортивон-хъомыладон æппæт домæнтæн. Йæ уавæртæм гæсгæ дзы архайæн ис спорты алы хуызтæй дæр — классикон æмæ уæгъдибар хъæбысхæстæй, боксæй, дзюдойæ, уæззау атлетикæйæ, спортивон æмæ аивадон гимнастикæйæ, футболæй, волейбол æмæ баскетболæй.

Ног спортивон комплексæй уæлдай ма ныртæккæ цалцæггæнæн куыстытæ цæуынц Фадзайты Арсены номыл Сывæллæтты спортивон скъолайы. Уæвгæ, нæ цæрджытæн сæ 35 проценты спортмæ сты æмхиц. Лæггад та сын кæнынц, районы цы дæс спортивон кусæндоны ис, уыдон. Сæ хъомылгæнджытæ æвдисынц хорз бæрæггæнæнтæ регионалон, уæрæсейаг æмæ дунеон ерысты. Ацы азы фараст мæймæ спортивон-дзыллон мадзæлттæ районы арæзт æрцыд 50-йæ фылдæр. Уыдонæй 20-æн уыд республикон нысаниуæг. Иудадзыг нæм арæзт цæуынц районты 'хсæн ерыстæ футболæй, волейболæй, уæгъдибар хъæбысхæстæй.

**— Æрæфы районмæ æрцæугæйæ, адæймаг æнæбафиппайгæ нæ вæййы, фæндæгты уавæр куыд тынг аивта, уый...**

— Уый бантыст, **"Æдас æмæ хæрзхъæд автомобилон фæндæгтæ"**, зæгъгæ, ацы национ проекты район кæй архайы, уый фæрцы. Регионалон нысаниуæг кæмæн ис, цалцæггонд æрцыдысты уыцы автомобилон фæндæгтæ, сæ 'хсæн: "Дзæуджыхъæу-Æрыдон-Цыкола-Лескен 2" — цалцæггонд æрцыд фæндаджы 76,5 километры, уыимæ, арæзт æрцыд Цыколайы кæрæттыл цæуæг ног фæндаг, йæ дæргъ — 8,020 километры; "Цыкола-Дæргъæвс" — 2,686 километры, цалцæггонд æрцыд Дзинагъамæ бацæуæн фæндаг дæр — 3,385 километры.

**"Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы регионалон (муниципалитетты 'хсæн) æмæ бынæттон нысаниуæджы автомобилон фæндæгты рацарæзт æмæ сæ райрæзт"**-ы паддзахадон программæмæ гæсгæ, нæ районы цалцæггонд æрцыд бынæттон нысаниуæджы фæндæгты 3,100 километры, асфальт æмæ бетонæй та æмбæрзт æрцыд фæндæгты 14 937,0 километры. Уыцы нысанæн районæн лæвæрд æрцыд 19,75 милуан сомы, муниципалон фæндæгты фондæй та радих кодтам 20,57 милуан сомы. Уымæй уæлдай, федералон программæ **"Туризм"-**мæ гæсгæ кæронмæ ахæццæ сты "Цыкола-Мæцутæ-Комы-Арт"-ы Гæлиатмæ бацæуæнимæ автомобилон фæндаджы рацарæзты куыстытæ, ног фæндаджы дæргъ у 21 километры.

**— Йæ фæзуатмæ гæсгæ Æрæфы район гыццыл нæу, йæ хъæутæ апырх сты хæхтæ æмæ быдырты. Сæ цæрджытæ сæ цæрæн бынæттæм æнцонæй æви цавæрдæр зынтæ æвзаргæйæ бахæццæ вæййынц? Транспорт алы ранмæ дæр цæуы æви нæ?**

— Транспорт цæуы районы æппæт цæрæн бынæттæм дæр. Цыкола, Хæзныдон æмæ Толдзгуын æрбынæттон сты "Дзæуджыхъæу-Æрыдон-Лескен 2" фæндагыл, уымæ гæсгæ сæм бон æртæ хатты цæуы автобус — рараст вæййы Дзæуджыхъæуæй æмæ бахæццæ вæййы Лескенмæ. Сечермæ, Дзæгъепбарз æмæ Дæргъæвсмæ дæр автобус цæуы æрвылбон. Хохы цæрджытæ та пайда кæнынц бæлццæттæласæн автобус "Дзæуджыхъæу-Дзинагъа"-йæ. Дзæуджыхъæуæй уый рацæуы къуыри æртæ хатты. Уæдæ Дзæуджыхъæуæй Цыколамæ маршрутон такситæ цæуынц æнæсцухæй.

**— Туризмы кой скодтай, æмæ æнæзæгъгæ нæй, фæндæгты рацарæзт æмæ туризмы райрæт æнгом баст кæй сты, уый.**

— Туризмы къабазмæ нæм ис уæлдай цæстдард, уымæн æмæ уый стыр ахъаз у районы социалон-экономикон къабазы райрæзтæн. Туризм æхсæнадон культурæйы бындуртæй иу кæй у, уымæй рахизгæйæ ма йæ фæрцы фылдæр æфтиаг цæуы бынæттон бюджетмæ, фæзынынц куысты бынæттæ, рæзы районы инфраструктурæ. Мидбæстон туризм цæмæй рæза æмæ нæм Уæрæсейы иннæ регионтæй уазджытæ фылдæр цæмæй цæуа, уымæн Æрæфы районæн йæ хъомыс у тынг бирæ. Районæн йæ æрдзон æмæ культурон-историон хæдхуыздзинады фæрцы ис гæнæн туризмы æппæт хуызтæ дæр рапарахат кæнынæн — рекреацион, культуронзонадон (уыимæ, алы динтимæ баст туризм дæр), дзæбæхгæнæн, бизнесы, спортивон, экологон, хъæууонхæдзарадон æмæ æндæртæ. Туристтæ се 'ргом тынг здахынц, культурон бынтыл нымад чи æрцыд, ахæм объекттæм, æмæ дзы Æрæфы районы чысыл нæй. Зæгъæм, федералон нысаниуæджы истори æмæ культурæйы цыртдзæвæнтæ нæм ис 74, регионалон нысаниуæджы историон æмæ культурон цыртдзæвæнтæ — 94, культурон бынты объекттыл нымад чи æрцыд хæрзæрæджы, археологийы уыцы цыртдзæвæнтæ — 47. Объект "Задæлесчы Нана" та хаст æрцыд Адæмон культурæйы сыгъзæрин антологимæ, уыцы хыгъды ма ис Уæрæсейы адæмты этнокультурон 100 хæзнайы. Задæлесчы Нанайы бæрæгбон ацы азæй ссис Цæгат Ирыстоны национ бæрæгбон. Туризмы къабазы районы ныртæккæ лæггад кæнынц аст фæлладуадзæн базæйы, туристтæн дзы иумæйагæй ис 879 бынаты, се 'хсæн: альпинистон базæтæ "Дигория-Ростсельмаш" æмæ "Комы-Арт", спортивон-дзæбæхгæнæн комплекс "Порог неба", фысымуат "Тана парк" æмæ æндæртæ. Ахæм фæлладуадзæн бынæттæ Æрæфы районы кæндзысты фылдæр, уый тыххæй нæм хицæн амалхъом адæймæгтæ æххæст кæнынц 11 инвестицион проекты. Сæ сæххæст кæныныл, æмæ ма къабазы цы фарстатæ ис, уыдон алыг кæныныл æрæджы цыд ныхас республикæйы Парламенты Сæрдар Тускъаты Таймуразы фембæлды рæстæг ацы бизнесы амалхъомтимæ. Æххуыс сын уыдзæн районы бынæттон хицаудзинады оргæнты 'рдыгæй дæр. Бацархайдзыстæм районы фæсивæдæй туристон къабазы кусджытæ цæттæ кæныныл нысанмæарæзт программæтæм гæсгæ.

**— Арæзт цасфæнды бирæ куы æрцæуа, уæддæр ма вæййы, саразын, бакусын кæуыл хъæуы, ахæм лыггæнинаг фарстатæ дæр...**

— Не стыр сагъæс ныртæккæ сты районы сыгъдæггæнæнтæ. Арæзт æрцыдысты ивгъуыд æнусы, ныр базæронд сты æмæ нал бæззынц. Сæ аивыны æмæ ног сыгъдæггæнæнтæ саразыны тыххæй бацæттæ кæндзыстæм проектон-сметон гæххæттытæ. Хъуыддагæн ахъаз уыдзæн цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады къабаз рацаразыны федералон программæ. Иннæ ахæм, хæххон хъæутæй алы ранмæ дæр нырма нывыл нæ хæццæ кæнынц газ, электрон тых, дон. Фарста алыг кæнынæн ныртæккæ цы проекттыл кусæм, уыдоны фæрцы арæзт æрцæудзæн газы хæтæл Дзинагъайæ "Комы-Арт"-мæ, иннæ хæтæлтæ та æвæрд æрцæудысты Дымтæ, Къæмынтæ æмæ Мæцутæйæ Алагиры районы Садонмæ, Уæллаг Садонмæ, Куырæйттæм, Дæллаг æмæ Уæллаг Зджыдмæ. Задæлеск, Мæцутæ, Дзинагъа æмæ Гуылæрмæ хæтæлтæ сты æвæрд, фæлæ дзы газ нæма цæуы, уымæн æмæ æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад "Газпром межрегионгаз-Дзæуджыхъæу"-ы балансыл нырма нæма сты. Районы администраци ныртæккæ кусы уыцы фарста алыг кæныныл. Афтæ, бакусын хъæуы, дон æмæ электрон тых хæххон хъæутæй алы ранмæ дæр цæмæй хæццæ кæной, уыцы хъуыддагыл дæр, æмæ йыл архайдзыстæм.

Сагъæссаг фарста нæм у, куысты бынæттæ районы цæрджытæн фаг кæй нæй, уый дæр. Адæмæн куыстдæттыны районы центрмæ ивгъуыд аз куыстагур бахатыд 877 адæймаджы, ацы аз та — 486 адæймаджы. Нæ цæрджытæн куыст цæмæй уа, уыцы нысанимæ ацы аз аст хатты сарæзтам армукъатæ. Уыдоны фæрцы куысты бынæттæ ссардтой 63 адæймаджы, рæстæгмæйы куысты бынæттæ та — 176 адæймаджы. Уый фаг нæу, кæй зæгъын æй хъæуы, æмæ ацы фарста къæпхæнгай лыг кæныныл дарддæр дæр архайдзыстæм.

**— Уæ фæндтæ æмæ хъуыддæгтæ къухы бафтæнт. Районы адæм сæ цардæй разы куыд уой, ахæм арфæ уæ уæд.**

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**







Толдзгуыны донуадзæнтæ рацаразыны куыстытæ


Лескены библиотекæйы


Ног спортивон комплекс Цыколайы


Абысалты мæсыг Мæхческы

Спортивон фидиуæг



Аивадон гимнастикæ

# Дулаты Казимæйы рухс номыл

**Дзарасаты Саукуыдзы номыл спортивон комплексы ивгъуыд къуыри цыдысты Уæрæсейы сгуыхт тренер Дулаты Казимæйы номарæн турниры ерыстæ аивадон гимнастикæйæ.**

Кæуылты сты Дулаты Казимæйы лæггæдтæ Ирыстоны аивадон гимнастикæйы скъолайы раз. Ацы рæсугъд спорты хуыз цæмæй нæ республикæйы сырæза, уымæ Казимæ бахаста стыр æвæрæнтæ. Фидарæй зæгъæн ис, Ирыстоны аивадон гимнастикæйы скъолайы бындурæвæрæг кæй уыд, уый!

Казимæ бацæттæ кодта æртын спорты мастерæй фылдæр. Йæ хъомылгæнинæгтæй цалдæр дунеон къласы спорты мастертæ кæй систы æмæ нæ бæстæйы иугонд командæмæ хуынд кæй уыдысты, уый та уæлдай арфæйы аккаг хъуыддаг уыд.

Хъыгагæн, Казимæ цардæй ахицæн æгæр раджы, 53-аздзыдæй. Кæд ныр 33 азы рацыд йæ ацыдыл, уæддæр йæ рухс ном, йæ стыр курдиат æмæ йæ бирæ фæллæйттæ рох не сты йе 'мкусджытæ æмæ хъомылгæнинæгтæй. Йæ номарынæн 1990 азтæй нырмæ Дзæуджыхъæуы фæцæуынц ерыстæ, йæ уд кæмæн снывонд кодта, уыцы спорты хуызæй.

Казимæйы номарæн турнир ссис æппæтуæрæсеон. Æрвылаз Дзæуджыхъæумæ ацы ерыстæм ссæуынц æрыгон гимнасткæтæ Уæрæсейы алы рæттæй.

Ацы бонты дæр сæ арæхстдзинад æвдыстой Цæгат Ирыстоны гимнасткæтæй уæлдай — Донецк, Кæсæг-Балхъар æмæ Хуссар Ирыстоны чызджытæ.

Ерыстæ гом кæныны мадзалы спортсментæ æмæ уазджытæн зæрдиаг арфæтæ ракодтой: РЦИ-Аланийы Аивадон гимнастикæйы федерацийы президент **Хабыцты Ларисæ**, нæ республикæйы физикон културæ æмæ спорты бæрнон кусджытæ **Плиты Таймураз** æмæ **Бестауты Зауырбег**.

Плиты Таймураз ма спорты мастеры æдисæндар сæмбæлын кодта **Биасты Иринæйыл, Иринæ Золотаревайæн** та лæвæрд æрцыд æппæтуæрæсеон категорийы тæрхонгæнæджы æвдисæндар.

Турниры ерысты архайдтой иуæндæс кары чызджытæ.



Æппæты кæстæртæ уыдысты 5-6-аздзыд сывæллæттæ æмæ ерыс кодтой æрыгæтты 'хсæн 3-аг разряды программæйæ. Ацы ран 1-аг бынат лæвæрд æрцыд 2017 азы гуырд донецкаг чызг **Дарина Пшиковайæн**, 2-аг бынатмæ та рацыд **Зассеты Миланæ** (тренер **Цуциты Фатимæ**).

2016 азы гуырд чызджыты ерыстæ цыдысты æрыгæтты 2-аг разряды программæйæ, æмæ дзы 1-аг бынат бацахста **София Кравчук** (Дзæуджыхъæу, тренер **Аллæ Голыничева**), 2015 азы гуырд чызджытæй, æрыгæтты 1-æм разряды программæйæ ерыс кæнгæйæ, 1-аг ссис Кæсæг-Балхъары Республикæйы минæвар **Айсанæ Хаткутова**, 2-аг æмæ 3-аг бынæттæм та рацыдысты **Александра Гермагенова** æмæ **Лекъты Аринæ** (дыууæйæ дæр Дзæуджыхъæуæй). 9-аздзыд гимнасткæтæй 1-аг ссис **Ландинæ Цыцкиева** (Кæсæг-Балхъары Республикæйæ), 2-аг æмæ 3-аг бынæттæм рацыдысты ирыстойнаг чызджытæ Зассеты Миланæ æмæ **Бестауты Матæ**.

2013 азы гуырд спортсменкæты ерысы 1-3-аг бынæттæ бацахстой ирыстойнаг чызджытæ: 1 — **Перисаты Фаризæ** (тренер **Куыдзойты Джульеттæ**), 2 — **Сельмæ Карачаева** (тренер **Алия Апакова**), 3 — **Цæрикъаты Амагæ** (тренер **Куыдзойты Джульеттæ**). 11-аздзыд чызджытæй 1-аг бынатмæ рацыд Донецкы Республикæйы минæвар **Аннæ Мурашова**, 2-аг ссис **Цыбырты Агуындæ**, 3-аг бынатмæ та рацыд **Уыртаты Каролинæ**. 2011 азы гуырд спортсменкæтæ ерыс кодтой спорты мастермæ кандидаты программæйæ. Ацы ран сæрæн архайд кодтой тренертæ Алия Апакова æмæ **Иринæ Никитинайы** (дыууæйæ дæр Дзæуджыхъæуæй) хъомылгæнинæгтæ **Кцойты София** æмæ **Цогойты Радмилæ** æмæ бацахстой 1-аг æмæ 2-аг бынæттæ. Сæ фæстæ 3-аг ссис донецкаг чызг **Елизаветæ Казачек**. Спорты мастермæ кандидаты программæйæ 13-аздзыд гимнасткæты ерысы хорз цæттæдзинад равдыста тренер **Кодзаты Юлияйы** хъомылгæнинаг **Хъæстуаты Эмиля** æмæ бацахста 1-аг бынат. Йæ фæстæ 2-аг æмæ 3-аг бынæттæм рацыдысты Донецкы Республикæйы гимнасткæтæ **Дианæ Захарчук** æмæ **Кристинæ Галовлева**.

Ацы программæйæ ма ерыс кодтой 14-аздзыд чызджытæ, æмæ дзы фæуæлахиз донецкаг сæрæн чызг **Дарья Алешина,** 2-аг бынатмæ рацыд дзæуджыхъæуккаг чызг **Анастасия Лемешева**, 3-аг та ссис Кæсæг-Балхъары Республикæйы минæвар **Уырымты Илянæ**.

Уæлдай цымыдисагдæр рауадысты спорты мастеры программæйæ ерыстæ. Ацы ерыстæ дæр дихгонд уыдысты дыууæ къордыл. Сæ иуы архайдтой 2008 азы гуырд спортсменкæтæ, сæ иннæйы та 2000-2007 азы гуырд чызджытæ. Дыууæ къорды дæр 1-3-аг бынæттæ бацахстой ирыстойнаг чызджытæ.

2008 азы гуырд чызджыты 'хсæн 1-аг бынат рамбылдта **Виктория Захарова** (тренер Кодзаты Юлия), 2-аг ссис **Валерия Кузнецова** (тренер Цуциты Фатимæ), 3-аг бынат та бацахста **Александра Павличенко** (тренер Цуциты Фатимæ).

Хистæр къорды уæлдай зæрдæмæдзæугæдæр рауад нæ курдиатджын 16-аздзыд чызг **Гæдзаонты Алинæ** æмæ спорты мастер, фæлтæрдджын гимнасткæ **Маргаритæ Билимовичы** архайд. Сæ ныхмæлæуды ацы хатт æнтыстджындæр рауад Аминæ æмæ рацыд 1-аг бынатмæ. Маргаритæ бацахста 2-аг бынат, сæ фæстæ 3-аг призон бынат рамбулæг ссис **Ангелинæ Мартиросова**. Аминæйы бацæттæгæнæг тренер у **Маргаритæ Апакова** æмæ Ангелинæйы тренертæ та сты **Дзугаты Альбинæ** æмæ Цуциты Фатимæ.

Хицæн спортсменты ерыстæй уæлдай ма бæрæггонд цыдысты хуызæр командæтæ дæр. Къордгай ерысты 1-аг бынæттæ бацахстой 7-8-аздзыд спортсменты 'хсæн — Цуциты Фатимæйы командæ, 9-аздзыдты ерысты Куыдзойты Джульеттæйы командæ.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

Æцæг хабар

# Хылкъахджытæ



*— Бирæтæ се 'взæрдзинадыл нæ фæсæттынц, фæлæ йыл æз сæттын, — бакодта дзæнæты фæбадинаг кадджын хистæр Ходы Агыса, бирæ азты Ног Бæтæхъойыхъæуы скъолайы директорæй фæкуыста. — Цæвиттон, æз дæр иу заманты денджызмæ мæхи цыппар æрдхорд лæппуимæ сарæзтон. Денджызы-иу нæхи æрсатæг кодтам æмæ-иу изæрыгæтты кино, танцтæм нæхи сарæзтам. Æмæ ма-иу махæй лæгдæр кæм уыди! Мах, кавказæгтæ, цæвиттон, Ирыстоны хъæбултæ. Афтæ уыдыстæм æмæ нæ сæрмæ мигъ æрбадын дæр нæ уагътам. Сдзурын дæр нæм ничи уæндыд! Уый та куыд?!*

*Фæлæ, иу бон куы уыди, уæд нæ балц нæ фæрæстмæ. Цы уыдаид, æрбацæуæм денджызмæ 'ввахс. Нæ комкоммæ лæппу æмæ чызг æрбацæуынц, цæуылдæр иумæ хъæлдзæг худт бакæнынц. Кæд æмæ цæуæнтæ не 'ппæты фаг дæр уыдысты, уæддæр нæ лæппутæй иу лæппуйы уæхскæй сцавта. Лæппу нæм разылд æмæ афтæ бакодта уырыссагау: "Че, ребята, дороги мало?"*

*Махуæттæй йын иннæ йæ æфсæры къæдз скъуырдта: "Будешь ты еще оговариваться?" — зæгъгæ.*

*Лæппу йæ пиджак чызджы уæхсчытæм баппæрста æмæ нæ фондзыл дæр нæмыныл ахæцыд. Кæй-иу ныццавта, уымæн-иу æнæ ахаугæ нал уыд. Мæныл дæр куыддæр цæф сæмбæлд, афтæ мын кæмдæр фенцон ис, мæ цæфы рад кæй ахицæн æмæ кæй ницы аскъуыди кæнæ асаст, уымæй.*

*Мах ын цы зыдтам уый цалдæр боны размæ боксæй Европæйы чемпионатæй æрбацыд, æмæ йæ хоимæ иу цалдæр боны 'мгъуыдæй денджызмæ рауадысты. Уый, нады фæстæ нын кафейы нæ цуры бæгæны йæ номæй куы æрæвæрдтой æмæ нæ хатыр курынмæ куы 'рбаздæхт, уæд æй базыдтам. Раздæр æй куы зыдтаиккам, уæд ахæм ми нæ сæрмæ не 'рхастаиккам. Фæлæ йыл фыст нæ уыд, чи у, марадз, æмæ йæ базон.*

***ТЕТАТЫ Эльврик, æхсæнадон уацхæссæг***

## Боныхъæдимæ баст бæрæггæнæнтæ

*Мит къæхты бын хъыррыст куы кæна — уазал уыдзæн, къæхтыл куы ныхæса — фæхъарм кæндзæн.*

* * *

**Дзæгъындзæг йæхи цары бын куы 'мбæхса — тыхдымгæ (тымыгъ) уыдзæн.**

* * *

*Арвы ирд тыгъдады, цыргъ сыкъаджын мæй куы уа, уæд уый хъызты нысан у, сæрдыгон — тæвд рæстæджы нысан.*

* * *

**Мæйы алыварс, тагъд чи æрбайсæфы, ахæм сырхбын тæлм куы уа, уæд хъарм рæстæг скæндзæн.**

* * *

*Гæды йæ дзæмбы куы сдæра, кæнæ, йæхи куы 'хса — дымгæ кæндзæн, кæнæ та рæстæг хæлдзæн.*

* * *

**Халæттæ уæлдæфы куы фæзилдухтæ кæной, уый фæстæ, бæлæсты цъуппытыл куы 'рбадой, уæд фæуазæлттæ кæндзæн.**

* * *

*Стъалыджын изæр — æхсæвы карз уазалы нысан.*

## Æмбисæндтæ

***Иу цæфæй бæласы ничи фæлдахы.***

* * *

*Иу лæгæй æфсад нæй.*

* * *

***Иуæн дыууæ 'фсад сты.***

* * *

*Æхсæны хуым — дурæппарæн.*

* * *

***Æхсæны хуым — дурджын.***

* * *

*Æхсæны хуым — хæрхæраг.*

* * *

***Иумæйаг хуым — хæрхæраг.***

* * *

*Зарæстон хуым кæрдæгджын кæны.*

* * *

***Æхсæны сæрвæт тагъд лæбыры.***

* * *

*Иу хъомгæс — дыууæ хъæуæн хылы хос.*

* * *

***Иунæг лæг усвæнд у.***

* * *

*Иунæгæй хъæды маргъ дæр нæ цæры.*

* * *

***Иу хуынчъы дыууæ арсы нæ фидауынц.***

* * *

*Иу къæбиц — дыууæ 'фсинæн хылы хос.*

* * *

***Сæдæ фысон дæр æнæнцой у 'мæ иуфысон дæр æнæнцой.***

* * *

*Иу фысæн бæндæн хъæуы, дыууæйæн та — фыййау.*

* * *

***Иуæн — бæндæн, дыууæйæн — гæс.***

* * *

*Иуæй иумæ фæцæут мæ тæригъæдæй!*

* * *

***Иунæгмæ чи бæллы, уый цард не ссардзæн.***

* * *

*Иу йæ койы аккаг дæр нæу.*

* * *

***Иу айк карчы бын лæхъуг дæр разыны.***

Онлайн-марафон

# Хæлардзинадæн ис бынат нæ царды!

**Ивгъуыд къуыри Беслæны фæндзæм рæвдауæндоны сабитæ цы бæрæгбоны архайдтой, уый бирæ рæстæг дардзысты сæ зæрдыл.**

Мæнмæ гæсгæ, Ирыстоны фыццаг хатт сарæзтой ахæм онлайн-марафон. "Нæ бæстæйы æппæт сывæллæтты хæлардзинад" — афтæ рахуыдта, цæттæгæнæн къорды сабитимæ цы мадзал сарæзта, уый, йе 'рхъуыдыгæнæг хъомылгæнæг **Маринæ Конева**. Йæ фарсмæ æнгом æрбалæууыдысты йе 'мкусджытæ: **Цыбырты Маретæ, Арсæгты Еленæ, Рæмонты Ритæ,** хистæр методист **Тетаты Светланæ,** логопед **Ходы Татьянæ** æмæ музыкалон разамонæг **Æмбалты Земфирæ**. Фæлæ сæ зæгъын æй хъæуы, телехиды иннæ архайджытæ дæр сæхи фембæлдмæ тынг бацæттæ кодтой. Фыццаджыдæр сæ хъуамæ базонгæ кодтаиккам нæ республикæйы историимæ, традицитимæ, хъæзтытимæ, радзырдтаиккам æмдзæвгætæ, азарыдаиккам, афтæ — нæ хуынд онлайн-уазджытæ дæр. Нæ хæлардзинады бæрæгбон тынг мидисджын æмæ цымыдисаг рауад. Стыр æхсызгондзинадимæ фембæлдысты нæ сабитæ æмæ хъомылгæнджытæ, базонгæ стæм, кæрæдзийыл бацин кодтам. Уалынмæ зæнгард кодтой къухæмдзæгъд æмæ цины хъæртæй. Стъарапойлаг æмæ мæхъхъæлон сабитæ дæр бавдыстой сæ арæхстдзинæдтæ, — радзырдта нын Маринæ Конева.

Диссаджы рæсугъд æнкъарæнтæ балæвар кодта онлайн-марафон æппæт архайджытæн дæр, куыд хъомылгæнджытæн, афтæ сывæллæттæн дæр. Базонгæ сты, кæрæдзийыл фæцин кодтой, се 'хсæн хæлардзинады тæгтæ айтыгътой. Ахæм уыд сæ нысан — рæвдауæндоны кусджытæн. Маринæ куыд зæгъы, афтæмæй, кæд теле-хид саразыны хъуыды уымæ æрцыд, уæддæр æй царды рауадзыныл зæрдиагæй бакуыста æнæхъæн коллектив дæр, сæйраг архайджытæ уыдысты сæ зæрдæргъæвд сабитæ.



— Нæ онлайн-марафонмæ æрбахуыдтам Стъараполы крайы Пятигорскы горæты 31-æм рæвдауæндон "Сæуæхсид" æмæ Мæхъхъæлы Республикæйы Сурхахийы хъæуы фыццаг рæвдауæндон "Æнæрынцойтæ"-йы хъомылгæнджытæ æмæ сывæллæтты. Нæ теле-хид рауад цымыдисаг. Нæ программæйы алы фæзилæныл дæр лæмбынæг бакуыстам. Нæ хъомылгæнинæгтæ зæрдиаг салам загътой се 'мцахъæнтæн. Кæй ралæууыд нæ арæхстдзинæдтæ равдисыны рæстæг дæр, æмæ дзы æнтыстджынæй спайда кодтам. Азæлыдысты зарджытæ, æмдзæвгæтæ, куыд мадæлон, афтæ уырыссаг æвзагыл дæр, алчи йæ национ хицæндзинæдтæ бавдисыныл бацархайдта, уымæн æмæ нæ сæйрагдæр нысан уыдис сывæллæтты се 'мгæртты културæ æмæ традицитимæ базонгæ кæнын. Зæгъæм, мах хъомылгæнинæгтæ гаккырисæй ахъазыдысты, æмæ теле-хиды архайджыты зæрдæмæ фæцыдис, уыдон дæр хъазджыты ралæууыдысты æмæ йе 'мкусджытæн бузныг зæгъы.

Ныртæккæйы уæззау рæстæг, цыма хæлардзинадæн не 'хсæнады бынат нал ис, афтæ нæм фæкæсы хатгай. Фæлæ, æвæццæгæн, ахæм хъуыды бынтон раст нæу. Беслæны фæндзæм рæвдауæндоны кусджытæ æмæ уыдоны хуызæн рæзгæ фæлтæрыл аудæг адæймæгтæ куы уа не 'хсæн, уæд æнгомдæр уыдзыстæм, нæ ахастдзинæдтæ араздзыстæм хæлардзинады бындурыл.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Защита плодового сада от зимующих вредителей! Санитарная обработка на зиму плодовых деревьев и других культурных насаждений (опрыскивание). Тел.: 8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83 Руслан.**

**Пошив матрацев и одеял, есть в наличии и на заказ; стирка и ческа шерсти. Тел.: 8-989-037-18-04.**

**Ремонт стиральных машин и холодильников. Тел.: 8-988-835-55-50 (Азамат); 8-963-377-80-00 (Борис).**

Бинонтæ æмæ хиуæттæ хъыгзæрдæйæ хъусын кæнынц, сæ зынаргъ

**ДЖЫККАЙТЫ**
**Фирузы фырт Руслан**

кæй амард, уый.

Зиан рахæсдзысты цыппæрæмы, 7 декабры, Æрыдоны, Дзугаты æфсымæрты уынджы 123-æм хæдзарæй.

**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

Номыры радхæссæг редактор — **Цæгæраты Эльмирæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
**Дизайн:** 1-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли;** 2-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;** 3-аг фарсæн — **Халиты Изæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;** 2-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Гаглойты Наташæ;** 4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацийы комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацийы къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редакторы хæдивæг БУТАТЫ Эльзæ

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Сæрмагонд уацхæссæг: **Гасанты Валери — 25-96-50.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3134.
Заказ № 1413.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**